



Pou Piblikasyon Imedya: 11/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TWA REJYON NAN ETA NEW YORK A PREPARE POU RE-OUVRI NAN DAT 15 ME**

***Rejyon Finger Lakes, Southern Tier ak Mohawk Valley satisfè 7 paramèt yo egzije yo pou kòmanse faz 1 nan plan re-ouvèti a, ki gen ladan konstriksyon, manifakti, vant an detay pou ranmasaj akote twotwa, & agrikilti, forè ak lapèch***

***North Country ak NY Santral tou pre pou satisfè tout paramèt yo***

***Gouvènè Cuomo pibliye plan "NY Forward Reopening", disponib isit la***

***Yo pral re-ouvri kèk aktivite biznis ak lwazi ki gen risk fèb yo -- enkli peyizajri, jaden, tenis & sinema sou volan -- nan tout eta a nan dat 15 me***

***Lanse tablobòd siveyans rejyonal -- ki disponib isit la***

***Anonse manm sal kontwòl rejyonal yo pou siveye paramèt rejyonal yo pandan pwosesis re-ouvèti a***

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke apati jodi a, Rejyon Finger Lakes, Southern Tier ak Mohawk Valley satisfè tout sèt paramèt ke yo egzije yo pou kòmanse premye faz nan plan rejyonal nan kad re-ouvèti eta lè dekrè NYS an POZ yo ekspire nan dat 15 me a. Si tandans lan kontinye, apati 15 me, twa rejyon sa yo ka kòmanse ouvri biznis pou premye faz la, ki gen ladan konstriksyon; manifakti ak chèn apwovizyonman an gwo; vant an detay pou ranmasaj twotwa ak depo ak ranmasaj nan magazen; ak agrikilti, forè ak lapèch. Rejyon North Country ak NY Santral satisfè 6 nan 7 paramèt yo e yo ka pare nan fen semèn nan. Yon gid sou Plan "NY Forward Reopening" eta a disponib isit la. Gouvènè a te lanse tou tablobòd siveyans rejyonal eta a ki disponib isit la.

Gouvènè a te anonse tou ke kèk aktivite biznis ak lwazi ki pa risk fèb yo pral pare pou re-ouvri nan tout eta a nan dat 15 me, ki enkli peyizajri ak jaden; aktivite lwazi an plennè ki gen fèb risk, tankou tenis; ak sinema sou volan.

"Nou ap kòmanse yon nouvo chapit nan batay kont viris sa a - nou te travay ansanm kòm yon eta pou plati koub la epi bès la finalman rive nan yon pwen kote li tou pre kote nou te kòmanse vwayaj sa a, kidonk, kounye a nou ka tounen re-ouvri", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kòm nou apwoche 15 me, nou deja mete sou pye sal kontwòl rejyonal, ki fèt ak ofisyèl gouvènman ki an tèt yo ak pwofesyonèl akademik ak swen sante nan rejyon sa a, pou voye je sou sityasyon an nan chak rejyon pou devlope ak

ogmante oswa diminye aktivite ak vitès nan re-ouvèti baze sou paramèt ak direktiv yo. Sal kontwòl sa yo enpòtan paske nou fèk franchi montay la epi pèsonn pa vle tounen nan lòt bò a kounye a."

Gouvènè Cuomo te anonse tou manb sal kontwòl rejyonal yo ki pral kontwole paramèt rejyonal yo pandan pwosesis re-ouvèti a. Sal kontwòl rejyonal sa yo pral kontwole to ospitalizasyon an, to mòtalite a, kantite nouvo ospitalizasyon, kapasite kabann lopital yo, kapasite kabann ICU yo, fè tès ak retrase kontak nan rejyon li an pandan re-ouvèti epi alète eta a si paramèt rejyon yo pa satisfè direktiv yo ankò epi ajiste plan re-ouvèti pou rejyon sa a kòm sadwa. Manm ki nan chak sal kontwòl rejyonal yo disponib isit la.

Finalman, Gouvènè a te konfime 1,660 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 337,055 ka konfime nan Eta New York. Nan total 337,055 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

<b>Konte</b>	<b>Total Pozitif</b>	<b>Nouvo Pozitif</b>
Albany	1,456	24
Allegany	38	2
Broome	378	5
Cattaraugus	61	1
Cayuga	60	2
Chautauqua	41	0
Chemung	131	0
Chenango	111	2
Clinton	76	0
Columbia	314	2
Cortland	29	0
Delaware	65	1
Dutchess	3,378	19
Erie	4,483	30
Essex	32	0
Franklin	17	0
Fulton	109	2
Genesee	173	1
Greene	206	0
Hamilton	5	0
Herkimer	81	2
Jefferson	68	0
Lewis	11	0
Livingston	102	0
Madison	251	0
Monroe	1,850	29

Montgomery	67	0
Nassau	38,337	120
Niagara	655	12
NYC	185,357	940
Oneida	669	9
Onondaga	1,287	22
Ontario	107	1
Orange	9,584	41
Orleans	130	4
Oswego	75	0
Otsego	67	0
Putnam	1,098	9
Rensselaer	411	2
Rockland	12,484	33
Saratoga	403	1
Schenectady	575	4
Schoharie	46	0
Schuyler	7	0
Seneca	49	0
St. Lawrence	190	3
Steuben	228	1
Suffolk	36,911	209
Sullivan	1,109	16
Tioga	107	2
Tompkins	132	0
Ulster	1,454	4
Warren	217	10
Washington	210	4
Wayne	81	1
Westchester	31,384	90
Wyoming	77	0
Yates	21	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)